

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa salasihiji pakakas penting dina hirup kumbuh di masarakat, sabab ayana basa bisa ngayakeun komunikasi antar papada manusa. Bisa kasawang kumaha balukarna mun manusa dina hirup kumbuhna teu dibarengan ku basa. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngedalkeun sakabéh gagasan, pikiran, eusi haté, kagiatan, sarta kréatifitasna kalawan merenah.

Basa téh mangrupa alat pikeun ngedalkeun eusi haté, kukituna urang jeung jalma anu sarua basana bisa silih kanyahokeun. Basa ngagampangkeun campur gaul jeung babaturan. Ku sabab kitu, basa miboga fungsi sosial. Lian ti éta, basa téh mangrupa alat nu penting pisan pikeun mikir. Tanpa basa urang moal bisa mikir kalawan sampurna. Nurutkeun panalungtikan, mekarna pikiran budak nu pireu nu teu disakolakeun, jauh mela-melu katinggaleun ku budak anu normal. Ku sabab éta, pangajaran basa di sakola kudu kacida diutamakeunana (Suryani 2010: 45).

Aya opat kaparigelan basa nya éta maca, nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita. Éta opat kaparigelan basa téh ngabogaan hubungan anu dalit jeung ieu kaparigelan nu kudu dikawasa ku unggal siswa, sabab éta téh mangrupa salasihiji tujuan pangajaran basa di SMP. Ngaregepkeun jeung nyarita kaasup kana komunikasi sacara langsung, sedengkeun maca jeung nulis kaasup kana komunikasi sacara henteu langsung.

Maca mangrupa salasihiji kaparigelan makéna basa nu kudu dipimilik ku unggal jalma, sabab ku jalan maca urang bakal meunang sagala pangaweruh sarta rupa-rupa informasi anu kawilang penting. Maca mangrupa modal dina kahirupan jeung diperlukeun dina sagala widang, boh widang atikan boh widang kamasarakatan. Nilik kana hal anu ditétélakeun diluhur, katitén yén kaparigelan maca nyicingan kalungguhan anu penting. Komo deui di éra globalisasi siga kiwari, sakur informasi bisa katitén tina maca.

Nurutkeun Tarigan (2008:7) maca nya éta *"Suatu proses yang dilakukan serta dipergunakan oleh pembaca untuk memperoleh pesan yang hendak disampaikan oleh penulis melalui media kata-kata/ media tertulis"*, sedengkeun kamampuh maca nya éta ngadumaniskeun antara gancangna maca jeung kamampuh maham (nyangkem) eusi kalawan gembleng. Dumasar kana éta pamadegan yén kamampuh maca ngabogaan fungsi pikeun nyangking informasi anu ditepikeun ku cara media tinulis atawa téks.

Pentingna pangajaran maca bakal leuwih karasa lamun dipatalikeun jeung fungsi pangajaran maca. Aya dua fungsi maca nya éta:

- 1) Fungsi utama maca nya éta fungsi édukatif, nu di jerona ngawengku fungsi ngajaga lumangsungna pendidikan jeung pangajaran maca hususna, sarta ngabina siswa dina widang pangajaran maca.
- 2) Fungsi kadua nya éta fungsi tambahan atawa fungsi panglengkep, anu ngawengku fungsi sosial jeung instruméntal.

Nilik kana fungsi diluhur, bisa dicindekkeun yén tujuan maca téh nya éta pikeun maham atawa nyangkem bacaan. Maksudna, mampuh nyangking ma'na atawa harti tina hal anu dibacana. Sedengkeun tujuan séjénna nya éta pikeun ngajén atawa parigel nyieun tinimbang tina hal anu dibacana, tur parigel méré tanggapan kana eusi jeung basa nu dipaké pangarangna.

Pangajaran maca di SMP mangrupa salasahiji pangajaran nu kurang dipikaresep ku siswa hususna basa sunda sabab dina kagiatan maca, siswa hésé pisan ngucapkeun kekecapan basa Sunda. Pangajaran maca moal hésé lamun dibarengan ku latihan maca unggal poé, sabab lamun sering maca pasti dina hasil macana ogé bakal hadé jeung bisa nambahan kamampuh dina kandaga kecap.

Kosakata atawa kandaga kecap téh nya éta (1) sakumna kecap nu aya dina hiji basa; (2) kecap-kecap nu geus dipikanyaho jeung dipaké ku jalma (jalma) di hiji wewengkon; (3) kecap-kecap nu dipaké dina hiji widang élmu pangaweruh anu tangtu; (4) sakumna morfem nu aya dina hiji basa; jeung (5) daftar sapuratina kecap (ungkara) tina hiji basa anu disusun kalawan alfabetis, anu biasana dilengkepan ku wangenan jeung katerangan. (Adiwimarta, spk, 1986: 7).

Dina ieu panalungtikan baris dipedar dua komponen nya éta maca jeung kamampuh kandaga kecapna. Maca kaasup kana kagiatan anu produktif jeung eksprésif. Ku kituna, ieu panalungtikan bakal méré gambaran ngeunaan minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh kandaga kecap siswa.

Tapi dina jaman kiwari minat maca siswa, hususna siswa SMP geus beuki ngurangan. Komo deui maca téks basa Sunda jeung kamampuh dina ningkatkeun

kandaga kecapna mah geus jarang pisan dilakonon ku siswa. Lolobana siswa téh ngan saukur maca pikeun kagiatan hiburan, lain keur maca pamahaman anu satuluyna pikeun kagiatan nambahan pangaweruh jeung nambahan kandaga kecap.

Dumasar kana éta hal, antara tujuan jeung kagiatan ngagunakeun kandaga kecap mibanda hubungan, sarta mibanda kasaluyuan anu bisa silih lengkepan pangaruhna kana minat maca jeung kamampuh kandaga kecap. Saméméhna geus kungsi aya panalungtikan ngeunaan minat maca siswa, bedana nya éta dina hal nulis karangan éksposisi jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap nu ditalungtikna.

Panalungtikan nu saméméhna geus dilaksanakeun, nya éta *Korélasi Antara Minat Maca jeung Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMP Negeri 12 Bandung* ku Rhena Supriatin dina taun 2011. Éta panalungtikan téh eusina ngeunaan pangaruh minat maca jeung kamampuh nulis karangan éksposisi. Tapi panalungtikan ngeunaan minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap mah can aya nu nalungtik. Ku sabab éta, perlu pisan pikeun nalungtik kalayan rumusan *Hubungan antara Minat Maca Téks Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajar 2011-2012*.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Pikeun méré gambaran anu leuwih jéntré sarta ieu pedaran teu lega teuing, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesanan ngan saukur maluruh kana Hubungan antara Minat Maca Téks Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha minat maca téks basa Sunda siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung?
- 3) Naha aya hubungan anu signifikan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Unggal kagiatan tangtu ngabogaan tujuan anu geus dirancang saméméhna sangkan hasilna nyugemakeun. Tujuan umum diayakeun ieu panalungtikan nya éta

hayang mikanyaho nepi ka mana kamampuh siswa dina kagiatan maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap anu hadé.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan nya éta ngadéskripsikeun :

- 1) minat maca téks basa Sunda siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung,
- 2) kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung, jeung
- 3) hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat teoritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi ngeunaan hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung, ieu déskripsi nuduhkeun ayana hubungan antara maca jeung pangaruh kandaga kecap.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Pikeun siswa, dipihareup bisa nyangking pangalaman jeung bisa sadar kana pentingna maca anu engkéna bakal aya pangaruhna kana kandaga kecap.

- 2) Pikeun guru basa Sunda, bisa dijadikeun tinimbangan jeung ngaronjatkeun minat maca siswa.
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa ngabuktikeun tur boga kacindekan ngeunaan kumaha hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung pangaruh kandaga kecap siswa kelas VII.
- 4) Pikeun sakola/ lembaga, bisa dijadikeun bahan ditimbang keur ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa di sakola.

#### **1.6 Sistematika Nyusun Laporan**

Sistematika dina ieu laporan dimimitian ku makéna judul, ngaran jeung kalungguhan pangaping, pernyataan ngeunaan keaslian skripsi, abstrak, pangjajap, catur panuhun, daptar eusi, daptra tabel, daptar singgetan jeung lambang, daptar lampiran.

Eusi skripsi ngawengku lima bab, nyaéta Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun laporan. Bab II Minat Maca Téks Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap ngawengku teori-teori ngeunaan minat, teori-teori ngeunaan maca, teori-teori ngeunaan kandaga kecap jeung anggapan dasar jeung hipotesis. Bab III Méthode Panalungtikan anu ngawengku metode jeung téhnik panalungtikan, téhnik panalungtikan ngawengku nya éta téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, uji validitas, uji reliabilitas, sumber data, wangenan operasional, jeung langkah-langkah

panalungtikan. Dina Bab IV Hubungan Antara Minat Maca Téks Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 anu ngawengku minat maca téks basa Sunda siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung, kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung jeung uji hipotésis. Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi, ngawengku kacindekan jeung rékomendasi, jeung dina ieu skripsi di pungkas ku daftar pustaka, lampiran-lampiran jeung riwayat hirup panalungtik.

